ku tabax jàkka ngir Yàlla Yàlla dana ko tabaxal ca àjjana lu mel ni moom

Jële nañu ci Mahmuud Ibn Labiid -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Usmaan Ibn Affaan dafa bëggoon a tabax jàkka ji nit ñi sib loolu, ñu bëgg mu bàyyi ko ca na mu mel, mu ne leen: dégg naa Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «ku tabax jàkka ngir Yàlla Yàlla dana ko tabaxal ca àjjana lu mel ni moom».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Usmaan Ibn Affaan -yal na ko Yàlla dollee gërëm- dafa bëggoon a tabaxaat jàkkay Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ci anam gu gën a rafet tabax bu njëkk ba, nit ñi bañ loolu; ndax la ca nekk ci soppi melokaan bañu ko tabexe woon ca jamonoy Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, jàkka ja nag dañu koo tabaxe woon ci ban, ab xaddam nekkoon ay xobi tàndarma, waaye Usmaan da koo bëggoon a tabaxe ay móol ak laso, Usmaan -yal na ko Yàlla dollee gërëm- xibaar leen ne dégg na Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: ku tabax jàkka ngir sàkku ngërëmal Yàlla mu kawe mi, du ngir ngistal mbaa ndéggtal, Yàlla dana ko fay ngën gi fay, te fay gi mooy Yàlla tabaxal ko lu mel ni moom ca àjjana.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65089